

NAN TRIBINAL DISTRI ETAZINI
POU DISTRI SANTRAL CALIFORNIA

LUIS JAVIER PEREZ-OLANO, CASA) Ka No. CV 05-3604 DDP (RZx)
LIBRE YOUTH SHELTER, FREDDY)
GARRIDO-MARTINEZ, MANUEL) AVI SOU RÈGLEMAN AN ¶ 48.
GOMEZ, YAN JUN LI, LUIS MIGUEL)
MORALES, MICHAEL YUBAN OBANDO,) (Anglè)
MAEJEAN ROBINSON, LUCIA UREY,)
Pleyan yo,)
- kont -)
ERIC H. HOLDER, JR., Etazini)
Avoka Jeneral, JANET NAPOLITANO,)
Sekretè nan Depatman Sekirite Nasyonal nan Etazini,)
Ak BIWO POU REYENTTEGRASYON REFIJYE,)
Defandan yo.)

AVI A ETRANJE MINÈ YO KI NAN ETABLISMAN FEDERAL FINANSE PA DHS
OSWA HHS AKÓZ DE STATI IMIGRASYON YO:

Lwa Federal, 8 U.S.C. §§ 1101(a)(27)(J) ak 1255, bay yon mwayen pou sèten jèn ki te abize, abandone, oswa neglije pou aplike pou stati rezidan legal nan Etazini. Benefis sa konen kòm stati Espesyal Imigran Minè.

Si w te abize, abandone, oswa neglije, keseswa nan Etazini oswa aletranje, ou kapab kalifye pou rete legalman nan Etazini kòm yon Espesyal Imigran Minè. Espesyal Imigran Minè yo kapab kalifye egalman pou èd gouvènman federal la, ki genyen ladann swen paran adoptif ak asistans vi tranzisyonèl.

Anplis de avi sa, ou te resevwa yon lis moun ak òganizasyon nan zòn w an ki ofri asistans

legal gratis a imigran ki arete yo. Ou kapab swete pou kontakte youn nan founisè sèvis legal sa yo pou plis enfòmasyon konsènan si w kapab aplike pou Stati Espesyal Imigran Minè. Gwoup sèvis legal sa yo kapab ede w egalman pou jwenn lòd tribinal Eta a ki nesèsè epi aplike pou Stati Espesyal Imigran Minè ak lòt benefis yo.

Si w kwè ke ou kapab kalifye pou stati Espesyal Imigran Minè men yo pat ba w yon lis òganizasyon asistans legal gratis nan zòn ou an, oswa ou pa kapab jwenn yo pa telefòn, ou kapab rele egalman nan Sant pou Dwa Imen ak Lwa Konstitisyonèl nan (213) 388-8693 ekstansyon 302. Si w genyen aksè a imèl, ou kapab voye imèl ak kesyon yo nan pschey@centerforhumanrights.org ak crholguin@centerforhumanrights.org

Akò Règleman Perez-Olano